

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta cara jeung léngkah-léngkah sistematis nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun, jeung nyindekkeun hasil panalungtikan. Sacara umum métode panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan tujuan mangpaat anu tangtu.

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 106), métode panalungtikan nyaéta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana. Ieu panalungtikan ngadéskrripsikeun sarta nganalisis data anu aya dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah dumasar kana struktur eusi carita jeung ajén moral nu aya dina éta kumpulan carpon. Metode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta metode déskriptif analitik. Nu dimaksud panalungtikan kalawan maké téhnik déskriptif analitik téh nyaéta metode nu dipaké pikeun ngumpulkeun jeung ngadéskrripsikeun data, nyusun, papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data panalungtikan.

Ieu metode dipaké pikeun ngaguar ngeunaan ajén moral jeung struktur carita dina unggal carpon dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah. Léngkah-léngkah ieu panalungtikan nyaéta:


- 1) ngumpulkeun data, mangrupa déskripsi carita unggal carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah;
- 2) ngadéskrripsikeun téma carita jeung fakta carita (galur, tokoh jeung panokohan, jeung latar) nu aya dina buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah;
- 3) nganalisis ajén moral dina unggal téma carita jeung tokoh panokohan nu aya dina buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah; jeung
- 4) ngadéskrripsikeun hasil penapsiran jeung kacindekan analisis.

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Umar (2008, kc. 6), désain panalungtikan nyaéta rarancang gawé sangkan miboga struktur dina hal hubungan-hubungan antar variabel sacara komprehensif, sangkan hasil risétna bisa méré jawaban tina patalékan-patalékan risét dina éta eusi panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha léngkah atawa tahapan panalungtikan, nyaéta tahap ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, nyieun kacindekan, sarta nyieun laporan. Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan ieu di handap.

Keterangan:




Bagan 3. 1
Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 172), sumber data panalungtikan nyaéta subjék asalna data dicokot. Saumpama nu nalungtik téh maké dokuméntasi, nu maké mangrupa sumber data, eusi dokumén disebut subjék atawa variabel dina panalungtikan.

Sumber data panalungtikan nyaéta subjék nu ti mana hasilna data éta panalungtikan. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.

3.2.1 Déskripsi Buku



Gambar 3. 1
Jilid Buku Tukang jeung Hareup

Buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah ieu dipedalkeun ku PT. Pustaka Jaya. Citakan munggaran taun 2021. Ukuranana 14,5 x 21 cm, kandelna 100 kaca. Buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* ngawengku 11 judul carpon, nyaéta “Tangkal Darajat”, “Sésa Riungan”, “Kompénsasi BBM”, “Laér Aisan”, “Tunggul Rahayu”, “Wasiat Indung”, “Béja Méméh Kawin”, “Langit Haleungheum”, “Kingkilaban”, “Si Jalu”, jeung “Titin”.

Dina kumpulan carpon biasana sok dipidangkeun ilustrasi dina jilidna. Éta ilustrasi téh biasana aya patula-patali jeung caritaan anu aya dina éta eusi buku kumpulan carpon. Kumpulan carpon *Wasiat Indung* ieu jilidna warna oranye, dibarung ku lukisan “indung” anu ngagambarkeun tunggul rahayu nu ayana di

indung. Éta lukisan téh dirancang ku tim kreatif Pustaka Jaya jeung gambar jilid nu dijieun ku Ayi R. Sacadipura.

Dina jilid tukang mah euweuh gambar lukisan, tapi logo, ngaran penerbit, jeung pamungkas aya *barcode* katut nomer ISBN, jeung tulisan sinopsis. Anu tulisanna téh nyaéta;

“*Wasiat Indung* téh lain carita salalar. Tapi kudu dibaca minangka potrét unak-anik kahirupan rayat leutik, babakuna di pasisian. Di dieu bakal kapanggih rupa-rupa sikep jeung sawangan urang lembur nu basajan dina nyanghareupan kajadian-kajadian actual (dina jamanna), upamana transmigrasi, kompénsasi BBM, korupsi, nyirorotna moral rumaja, jst. Diréka ku adegan jeung paguneman nu hirup. Kalan-kalan patingkecewis alatan teu ngarti kana kawijakan pamaréntah, sakapeung pacéntal-céntal. Teu saeutik deuih wangkongan nu direumbay ku heureuy gé. Éstu matak pogot macana.”

3.2.2 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3. 2

Deni Hadiansah

Deni Hadiansah, pituin Sunda asli nu lahir di Manonjaya (Tasikmalaya), 25 Séptémber 1981. Sanggeus namatkeun SD, SMP, jeung SMA, kuliah diploma di Jurusan Akuntansi PPKP Universitas Negeri Yogyakarta (2000). Ti dinya, kuliah deui di S1 Jurusan Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI Bandung (2001), nepi ka ngahontal gelar *sarjana*. Néma kuliah deui di S2 Prodi Sastra Kontémporér, Pascasarjana Universitas Padjajaran Bandung (2008), ngan teu ditamatkeun. Jucungna mah kuliah S2 téh di Prodi Bahasa Indonésia, Pascasarjana Universitas Pasundan Bandung (2016). Ayeuna keur ngeureuyeuh deui S3 Ilmu Pendidikan di Pascasarjana, Universitas Islam Nusantara Bandung (2019). Mimiti diajar ngarang ti keur SMA kénéh. Karanganana winangun éséi, sajak, carpon, résénsi, jeung laporan jurnalistik nu dimuat dina *mangle*, *Galamédia*, *Pikiran Rakyat*, *Kujang (Koran Sunda)*, *Galura*, *Cupumanik*, *Aksara*, *Turus*, *ayobandung.com*, jsté.

Sawatara karanganana nu geus dibukukeun boh karya mandiri boh babarengan (*antologi*), di antarana nyaéta *Wasita Basa* (2004), *Wisésa Basa* (2005), *Kembang Kadengda* (2007), *Lir Cahya Nyorot Eunteung* (2009), *Jawara Leuweung Tutupan* (2009), *Topomini Jawa Barat* (2009), *Budak Rancagé* (2017), *Simpay Basa Sunda* (2017), *Panggelar Basa Sunda* (2017), *Widya Basa Sunda* (2017), jeung *Rancagé Basa Sunda* (éditor, 2017), jrrd. Buku nu medal pangayarna *Basa-Basi*

Literasi Kaom Akademisi (2021), eusina kumpulan éséi anu ditulis ti taun 2008-2020 boh dina media citak onlén, boh diseminarkeun.

Kungsi aktif dina widang jurnalistik, kurang leuwih lima taun rutin ngeusian acara “Ngamumulé Basa Sunda” di RRI Bandung jeung jadi kontributor tulisan portal berita onlén. Ari dina widang atikan, kungsi jadi guru di SMA Negeri 5 Bandung. Kiwari cekel gawé jadi dosén nepi ka ayeuna, milu ngabebenah kampus anyar ngadeg Universitas Cendekia Mandiri (UICM) Bandung, nu baheula mah Universitas Bandung Raya.

3.3 Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data nyaéta mangrupa léngkah anu pangpentingna dina hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiono (2010, kc. 224), ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan sumber jeung cara. Hal nu kudu diperhatikeun dina téhnik ngumpulkeun data aya tilu bagian nyaéta léngkah tatahar, téhnik ngumpulkeun data, jeung instrumén panalungtikan saperti nu dipedar ieu di handap.

3.3.1 Léngkah Tatahar

Saméméh panalungtikan, aya sababarah léngkah nu kudu dilakukeun sarta ditataharkeun sangkan panalungtikan bisa lumangsung lancar. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngajukeun judul panalungtikan;
- 2) nangtukeun masalah jeung objék anu rék ditalungtik;
- 3) ngumpulkeun sumber data panalungtikan ngagunakeun cara talaah pustaka, jeung;
- 4) nyusun proposal panalungtikan.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun téhnik talaah pustaka jeung analisis data. Téhnik talaah pustaka dilakukeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara macaan sarta neuleuman eusi pikeun nalaah sababaraha pustaka nu raket patalina jeung masalah anu rék ditalungtik, tuluy datana diolah dina prosés analisis data. Objék dina ieu panalungtikan mangrupa kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.

3.3.2 Téhnik Analisis Data

Téhnik anu digunakeun ku panalungtik nyaéta ku cara maké tabél. Tabél data fungsina pikeun nganalisis struktural, nyaéta téma, latar, watek, jeung panokohan. Kitu deui pikeun nalungtik masing-masing ajén moral anu nyampak dina eusi buku jeung ngatégorikeun pedaran panalungtikan. Tina 11 judul carpon. Aya 11 anu dijieun sampel pikeun panalungtikan nyaéta *Tangkal Darajat, Sésa Riungan, Kompénsasi BBM, laér Aisan, Tunggul Rahayu, Wasiat Indung, Béja Méméh Kawin, Langit Haleunghaum, Kingkilaban, Si Jalu*, jeung *Titin*.

3.3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203), instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data.

3.3.3.1 Instrumén Studi Pustaka

Aya sababaraha buku anu nyampak jeung teu anu nyampak dina tiori pikeun ngawewegan dadasar panalungtikan.

3.3.3.2 Instrumén Analisis Téma jeung Galur dina Kumpulan Carpor

Tabél 3. 1

Tabél Data Téma jeung Galur

No.	Kode Carpon	Jenis Téma			Galur			
		ATK	SOS	PLT	Maju	Mundur	Campuran	Mobok Tengah
1.								
2.								

Keterangan:

ATK : Atikan

SOS : Sosial

PLT : Pulitik

3.3.3.3 Instrumén Analisis Latar, Waktu jeung Sosial dina Kumpulan Carpon *Wasiat Indung*

Tabél 3. 2
Tabél Data Latar

No.	Kode Carpon	Latar		
		Latar Tempat	Latar Waktu	Latar Sosial
1.				
2.				
3.				

3.3.3.4 Instrumén Analisis Watek Tokoh dina Kumpulan Carpon *Wasiat Indung*

Tabél 3. 3
Tabél Data Watek Tokoh jeung Penokohan

Ngaran Tokoh	Watek	Cutatan Carita	Kode Data C/KU//KC

Keterangan

C: Judul Carita

KU: Kode Urutan Data

KC: Kaca

Conto analisis dina data tabél téma carpon nyaéta:

Ngan dasar kolot, diolo kitu téh lain daék (kaca 7)

Catetan: Ngaranna kolot diajak milu jeung anak tara daék. Sarua dedangna, sarua keukeuhna. TD/1//KC7

Harti éta kode data téh nyaéta nomer hiji, téma tina kode carpon kahiji tina judul carpon “Tangkal Darajat”, urutan data kahiji dina kaca tujuh. Hasil analisis ajén

moral tina tokoh jeung panokohan diasupkeun kana tabél kalawan format saperti dina tabél 3.4.

3.3.3.5 Analisis Wujud Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Wasiat Indung*

Tabél 3. 4
Analisis Penggolongan Wujud Ajén Moral dina Kumpulan Carpon

No.	Ajén Moral	Kode Carpon										
		TD	SR	KB	LA	TR	WI	BMK	LH	KKLB	SJ	TTN
1.	MP											
2.	MMD											
3.	MMPJ											
4.	MMA											
5.	MMW											
6.	MMLB											
Keterangan: (√) salah sahiji ajén moral anu nyangkaruk dina kumpulan carpon												

Keterangan:

MP : moral manusa ka Pangéran

MMD : moral manusa ka dirina

MMPJ: moral manusa ka papada jalma

MMA : moral manusa ka alam

MMW : moral manusa ka waktu

MMLB: moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung
batiniah

3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis data. Téhnik analisis data digunakeun pikeun ngadéskripsikeun data ngagunakeun ulikan struktural sarta ngarumuskeun kana hal-hal anu aya patalina jeung ajén-ajén moral nu aya dina kumpulan carpon, tuluy dianalisis dumasar ajén moralna. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Maca unggal carpon nu aya dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.
- 2) Nyirian jeung ngasupkeun kana data unggal téma jeung latar nu aya dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.
- 3) Ngadéskripsikeun téma carita jeung fakta carita (galur, tokoh jeung panokohan, jeung latar) nu geus dicirian, tuluy nganalisis ajén moral anu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah.